*Муниципальное казенное дошкольное образовательное учреждение*
*«Детский сад «Аист»*

**Использование дагестанского регионально-национального компонента в работе с детьми дошкольного возраста**

# Сценарий праздника «Первая борозда» на аварском языке.

**Для детей старшего дошкольного возраста.**




*Автор работы: Курбанова Аминат Магомедовна*

*инструктор по физической культуре*

*апрель 2021 год*

# Ихдалил оц баялъул байрам

**Ихдалил оц баялъул байрам тIобитIиялъул мурад:**

1. Жидер гIагараб ракьалъул ва халкъалъул рук1а рахъиналъулгун лъималазул лъай-хъвай гьаби.

Халкъияб маданияталъулги адабияталъулги г1адатазулги ирсилаллъун, умумуцанахъ таралъул адаб ккураллъун лъимал куци.

2. Лъималазул рух1ияб тарбиялъе кьуч1 лъей ва гьеб борхизе гьаби.

Рахьдал мац1алъул калам цебет1езаби.

3. Халкъияб фольклоралъулгун ва художественниял асаразулгун (куч1дул) лъай хъвай гьаби.
4. Жиндир халкъалъул г1адатиялдехун лъималазул рокьи бижизе гьаби.

**репертуар**

1. Дагъистаналъул халкъияб макъан.
2. Рач1а Дагъистаналде муз. Касимовасул.
3. Кеч1 их.
4. Кьурди ч1ах1иязул «Лезгинка»
5. Кьурди ясалазул «Акушинский танец»
6. Кьурди васалазул «Т1агъур борхе»
7. Кьурди «Лезгинка»
8. Х1аял: «Бищун къуватал» (Васал)
9. «Къандалъабазда рекери»
10. «Г1одоб квараздаса рилъин» (г1одоб палугьанлъи гьабизе)
11. «Х1улкузул рагъ»

## Байбихьи

Маг1арул халкъияб коч1ол макъангун лъимал залалде рач1уна. Цебесеб кьерда ругезда кодор г1аркьалаби (мичир) бук1уна бат1и – бат1иял ниг1маталъун къвач1арал.

Хадусеб кьерда ругеца кодор бат1и – бат1иял кванил ниг1матазул т1ут1алги ккун зал сверун ина ва ахиралдаги гьалбадиридехун руссун эхетила.




**Муг1алималъ маг1арул саламалдалъун киназдаго баркила их т1аде щвеялъул байрам къо.**

- Хириял, лъимал, баркула нужода жакъасеб нилъер ихдалилаб оц баялъул байрам къо! Гьарула нужое, сахлъи, рохел, талих1!
- Батайги нилъее гьаб их баракатгун , рах1матгун бач1араб, ц1ад – бакъ рекъараб, т1ощел г1емераб пихъ гьарзаяб!

- Гьалеха лъимал щвана дунги нилъерго г1адатияб мичирги босун.
Нужги рихьула бат1и – бат1иял ниг1матал, т1аг1амалгун ихдалил байрамгун данд ч1вазе рач1ун.
Батаги нужер гьеб садакъа къабулаблъун, щивасул рак1ал цоцалъ жоралеб гьоц1олъун. Т1аде баракат бугеб кьейги. Нужер эбел – эменал нужодаса рохизе, нужое сахлъиги талих1ги кьезе сабаблъун ккайги.

***Лъимал, мугIалимгун уна столалда кванил нигIматал лъезе.***



***Лъималазул барки***

**(Гаджиабасова Х)**

Рукъзал нижер ч1ах1иял, гордал нижер г1ат1идал
Рич1е кинацаго нуц1бигун гордал!
Ассаламу г1алайкум маг1арул т1алъи!
Рахъа маг1арулал ихгун данд ч1вазе!
Баркула нужода оц баялъул къо!

Г1олил ясал руго к1удал рукъзабахъ **(Абдулгаджиев А)**
Цацазда релъарал жалго гьайбатал!
Гурдил къвалал халатал
К1алзул калам бег1ерал!

Нужор Оц бай баркизе ихги к1одо гьабизе
Гьале щванаха нижги Ассаламу г1алайкум!

Урхъаразул рак1 чучунеб, цоцазда рак1 жубалеб **(Абдулаева Ф)**
Ниг1маталъ г1адан гьуин гьабулеб, г1агарал цоцахъе щолеб
Корохъ чед бежулеб, цоцае гьеб бикьулеб
Ассаламу г1алайкум баркула Оц балеб къо!!!

**Муг1алим:** Г1емер руго дагъистаналъул халкъазул г1адатиял уммумуздаса щварал байрам къоял.

Амма кидаго цебе кколеб бук1ана халкъалъ оцбаялъулаб байрам къо

- Гъеб байрамалъул аслулъунги кола,  ихдалил х1алт1абазул байбихьиялъе хуриб пуруц бачен ва гьобол чаг1и т1аде ах1и, бук1ине кколеб маг1арул къаг1идаялъ, гьел къабул гьари.  Нилъерго маг1арул г1адатал ц1уни, ва г1адатиял ниг1матаздалъун -  хъулухъ адабалдалъун цоцазулги т1аде рач1аразулги рак1ал х1айран гьари.

- Хириял гьалбал, х1урматил росу цоял ах1ула нуж жакъасеб оц баялъул байрамалде .




*Кеч1 «Рач1а Дагъистаналде»*

*(Лъимал г1одор ч1ола)*

Муг1алим: Маг1арул росабалъ Оц бай  ккола лъимал, щибаб санайил гъабулеб байрам къо. Гьеб ккола зах1маталъулги рохелалъулги къо.

## Кьурди ч1ах1иязул «Лезгинка»



Бакке, бакке, баг1ар бакъ! **(Юнусова Р)**
Хинлъи кье дир муг1рузде
Т1егьазабе дир т1алъи
Рохалилаб кье байрам!

Гьеле их т1аде щвана **(Мухтарова Ш)**
Т1егь ц1абуц1ун борхана
Рохарал г1аздал ихал
Г1урухъе рекерана.

Гъут1буз гъалал кьурана (**Давудова А)**
Кьижараб лъар борч1ана
Порч1ами кьун бакъуца
Рукъзал гвагъизе гьаруна

## Къурди лъималазул «Лезгинка»




Хурдузда т1ад ц1вабилъун **(Магомедова Х.Б)**
Ц1адал гарал квенч1ана
Кибго х1алт1и гьалдана
Гьале их т1аде щвана!
(Ихдалил кеч1 ах1ила лъималаз)

Хощгелди лъик1 щвараб дир берцинаб их **(Магомедова А. Ш)**
Дур гьайбатлъиялъ ниж х1айран гьарула
Дур т1огьол байдабаз, г1урччинал рохьаз
Рохел гьарзалъула сверухълъиялда

Бач1а берцинаб их, их, бач1а гьоболлъухъ. **(Магомедов А)**
Бечедаб т1ощелгун т1огьол мах1гун
Гьава – бакърекъараб ц1адал гьарзаяб
Гьарзалъаги бач1ин нилъер халкъалъе.

***Лъималаз кеч1 ихдалил кеч1 ах1ула***

*Залалде жаниве к1иго Г1артимегеж вач1уна*

1. Г1арти мегеж: Ассаламу г1алайкум баркула нужода киназдаго ихдалил байрам къо.

   Лъимал: Ваг1алейкум салам!
2. Г1арти мегеж: Баракат рах1матгун бач1араб батайги!

   **Муг1алим:** Амин Аллагь! Руссаралищ щвaралищ! Лъик1 щварал нижехъ гьоболлъухъ!

   Цояв Г1артимегежас палугьанлъи гьабула, цогидас г1одов чилъун х1ала, махсаро - хоч1алда лъималазур рак1 гъвезе гьабула. Лъимал палугьанлъи гьабизе ах1ула.











**Муг1алим:** Лъимал,  оц баялъул байрамалда т1орит1ула бат1и – бит1иял х1алял,  къецал , кьурдаби ва бат1ибат1иял гьунарал.

- ТIоцебесеб рахъ базе тIадкъалаан росулъго бищун хIурмат гьабулев, хурухъанлъиялъул киналго балъаголъаби лъалев чиясда.

Нилъеца ихдалил пуруц бачине итияр кьезе буго бищун гьунар т1ок1азе.

Гьанже лъимал т1оцере цере рахъине руго къуват  бихьизе гьабиялъул г1ахьал чаг1и.

- Жакъа къецалги,  х1аялги рак1 бац1адго,  рит1ухълъиялда т1орит1иялда т1ад хал кквезе нилъеца изну кьела, нилъер гьалбал Г1артимугжузе.

**«Бищун къуватал»**

**Муг1алим:** Гьалеха нилъер къуват бергьарал бах1арзал!

Жакъа нилъеца изну кьела гьезие,  хуриб т1оцебесеб ихдалил пуруц бачине.



1. **Г1артимегеж:** Рии гучаб бач1айги, сон баракатаб батайги , магъил баракат хурзабахъе хурул баракат рокъобе, рукъ буц1ц1ун хут1айги.

2. Хурул бач1иналъ цагърал ц1ейги ахил бач1иналъ халкъ бечелъаги. Ц1ураб щвайги гъураб бижайги. Дун г1анасеб мах1у бижайги Мах1мудг1анасеб т1ор бижайги.

**Г1артимегеж:** Вогьа, вогьа рахъ кквей! РРРее – бусса




**Муг1алим**: Нилъер халкъалъул г1адат буго лъимал, щибаб байрамалда гьари – дуг1а гьабулеб.
Рач1аха лъимал нилъецаги цо лъик1аб гьари – рах1и гьабилин.

***Лъималаца жидерго гьари гьабула***

1. Их баркатгун т1аде щвараб батайги! **(Шаруханов)**

2. Рии- их бат1аги, хур ц1ун бач1айги! **(Курбанов)**

3. Т1ощел г1емерлъайги. Г1алах ц1илъайги **(Мдова Хадижат И)**

4.Г1иял рехъабазул г1алахал ц1ейги! **(Мисиев)**

5. Боц1ул рехьедазул муг1рулги ц1ейги! **(Расул)**

6. Щивасул рокъобе рах1мат рещт1айги! **(Мдов. М.С)**

7. Рохалил гурони хабар раг1унгейги! **(Магомедова Патимат М)**

8. Аллагьас гьаб данделъиялда баракат лъейги! **(Аминов А)**

- Муг1алим: Х1алч1ахъаги лъимал нужер, халкъиял абиялги к1очон тун гьеч1о.




**Муг1алим:**
Абула нилъер халкъалъ бет1ер чед бугин
Т1оцебе столалда т1аде жиб лъолеб
Т1аде гьобол щведал гьебгун данд ч1валеб
Гьев нухда унелъул хулжиниб лъолеб

Гьудул духъе нагагь гьобол вач1ани **(Исбаилова Нуцалай)**
Мун гьумерги бук1к1ун гьесдак1алъаге
Гьесул мурад ц1ехе ц1адухъе ваче
Гьев вакъун ватани хулжиниб чед лъе.

**Муг1алим:**

Дур бакъул ч1ораца ч1аголъи кьурал
Гьит1ичазе буго жакъа рохалилаб къо

## Ясалазул кьурди «Акушинка»




**Муг1алим:** Бих1улищ нилъер ясалазул х1ат1ил росиялъул берцинлъи.

- Гьанже рахъа васал кьурдул горилъе!

## Кьурди «Т1агъур борхе»

- Муг1рул бисалин кколарищ нилъер васал? Кьурабалъ багъулеб бугин ккола гьазул х1ат1азул роси!

- Муг1рул лебалал васал , муг1рузул къвек1ал ц1умал

Кьурдизе кеч1 ах1изе х1адур руго кидаго.




Маг1арул макъаналда , лъималаз х1адурараб сипатазда рекъон седола квас – квас кьаг1азда т1ад ва вехьасе буртинагун т1агъур. Гьендиго х1адур гьабула квас – квасул куналда лъун : бакъ , т1угьдул, хъархъал, нухал, муг1рул.



**(Муталипова М)**
Дагъистан мун
буго хирияб улка
Дагъистан дие мун
г1емер бокьула.
Муг1рул, г1орал,
лъарал, ахал ва
хурзал
Т1елал гьарун
т1аса рорженел
х1анч1и

## Дагъистаналъул халкъиял х1аял «Х1елказул рагъ»







## «Къандалъабазда жанир рекери»



- Гъалеха ахиралде щолеб буго нилъер жакъасеб Оц баялъул байрам.
Гъанже нилъер уммумузул г1адлуялдаги, г1адаталдаги рекъон гьит1ичалги цадахъго к1удиялги ах1ула нилъерго гьуинал ниг1матазул х1ал бих1изе.